

Moun ki Fè Livrezon sou Bisiklèt



Moun ki Fè Livrezon sou Bisiklèt yo



Obeyi Pano ak Siyal Sikilasyon an

- Siklis yo dwe respekte tout lwa, règ, ak règleman lokal ak eta Nouyòk yo, tankou Règ Sikilasyon Vil Nouyòk.



Rete Lwen Twotwa yo ak Wout ki gen Aksè Limite yo

Prepare ou

- Moun ki Fè Livrezon sou Bisiklèt yo dwe mete rad nan pati siperyè kò yo avèk non biznis lan ak nimewo idantifikasyon siklis la.
- Moun ki Fè Livrezon sou Bisiklèt yo dwe gen yo ak bay, sou demann, yon kat ID biznis ki gen nimewo ak foto siklis la, non li, adrès kay li, ak non biznis lan ak telefòn biznis lan. Li rekòmande pou siklis la genyen sou li tou yon dezyèm fòm ID foto.



Pa Janm Sikile nan Sans Kontrè ak Sikilasyon Machin

- Siklis yo pa kapab sikile nan sans kontrè ak machin k ap sikile yo. Sikile nan menm sans ak sikilasyon machin yo pou pa fè aksidan.
- Si gen liy ki disponib pou siklis, ou dwe itilize yo.



Mete yon Kask

- Pandan siklis yo ap travay, yo dwe mete yon kas siklis ki byen antre nan tèt yo.



Pwoteje tèt ou

- Sede pasaj pou pyeton yo.
- Kite omwen yon men ou sou gidon an toutan.
- Pa mete plis pase yon kask ki tache nan radyo, aparèy kasèt oswa lòt aparèy odyo pandan w ap sikile sou bisiklèt ou.
- Pa tache bisiklèt ou sou yon lòt veyikil k ap sikile sou wout la.
- Siklis ki nan yon aksidan ki lakòz domaj sou pwopriyete oswa chòk sou moun dwe bay non yo, adrès yo, enfòmasyon sou asirans yo, elatriye, epitou yo dwe rapòte aksidan an ba Depatman Lapolis.



Fè Ou Vizib

- Ant kòmansman aswè ak kòmansman maten, siklis yo dwe itilize yon limyè blan pou devan ak yon limyè wouj pou dèyè .
- Rete vizib lannwit avèk rad lejè ak materyèl ki reflekte limyè.



Pwopriyetè Biznis ki Anplwaye Moun ki Fè Livrezon sou Bisiklèt yo Dwe

Bay siklis yo sa ki anba la a:

- Yon kask bisiklèt ki an bon kondisyon ki antre nan tèt yo byen
- Rad pou mete nan pati siperyè kò yo epitou rad la dwe gen non biznis lan ak nimewo idantifikasyon siklis la
- Kat ID biznis lan ki gen nimewo epi ki gen foto siklis la, non li, adrès lakay li ak non biznis lan, adrès ak telefòn biznis lan
- Yon limyè blan pou devan ak yon limyè wouj pou dèyè
- Yon klaksòn oswa lòt siyal odyo (pa siflè)
- Fren ki fonksyone
- Wou ki reflekte limyè ak/oswa lòt aparèy ki reflekte limyè nan bisiklèt nèf yo

Biznis yo fèt pou konsève yon kanè-wout ki dwe disponib pou enspeksyon pandan lè biznis regilye ak òdinè.

Se lalwa ki egzije kèk nan responsablite ki endike anwo a, epitou si w pa konfòme ou avèk yo, sa kapab lakòz moun ki vyole yo jwenn sanksyon legal. Tout biznis ki anboche siklis pou travay dwe afiche avi sa a nòmalman nan yon manyè ki vizib pou anplwaye yo ak kliyan yo. Ou dwe afiche avi sa a nan lang Angle, Panyòl, ak nan lòt lang natifnatal siklis biznis lan anplwaye yo.



Pou plis enfòmasyon, tanpri ale nan sit wèb nyc.gov/bikes

